# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 अक्टूबर 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि देस में डिजिटल कनेक्टिविटी अब कउनों विलासिता नाहीं हौ बलुक सबके जीवन क अभिन्न अंग बनि चुकल हौ। उहां के आजु नई दिल्ली के यशोभूमि में एशिया क सबसे बड़हन दूरसंचार, मीडिया आ प्रौद्योगिकी कार्यक्रम, 'इंडिया मोबाइल कांग्रेस दुइ हजार पचीस' के नउवां सस्करण क उद्घाटन करत ई बाति कहलीं। प्रधानमंत्री देस के डिजिटल सार्वजनिक बुनियादी ढांचा के सफलता के रेखांकित करत कहलें कि ई निवेस, नवाचार अउर मेक इन इंडिया क सबसे बढ़ियां समय हौ।

**जो देश कभी टू–जी को लेकर स्ट्रगल करता था आज उसी देश के लगभग हर जिले मे फाइव जी पहुंच चुका है। इलैक्ट्रॉनिक प्रोडक्शन 2014 की तुलना में सिक्स टाइम बढ़ चुका है। मोबाइल मेन्युफेक्चरिंग में 28 टाइम्स और एक्सपोर्ट में 127 टाइम्स की वृद्धि हुई है।**

**********

वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण आजु अजोध्या क दौरा कइलीं। ओइजा उहां के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के साथे बृहस्पति कुंड स्थल क उद्घाटन कइलिनि। येह जगहि पर दक्षिण भारत क प्रमुख संत लोगिन के मुरती क अनावण कइल गइल। अपने जतरा के दौरान मुख्यमंत्री श्रीरामलला क दरसनों–पूजन कइलें।

**********

केंद्रीय पर्यटन आ संस्कृति मंत्री गजेंद्र सिंह शेखावत आजु बनारस जिला के सारनाथ में केन्द्रीय उच्च तिब्बती संस्थान पहुंचलें। ओइजा उहां के बनि रहल सउंवा रिंगपा अस्पताले क निरीक्षण कइलीं। एकरे बादे पत्रकार लोगिन से बतियावत केन्द्रीय मंत्री बतवलें कि येह अस्पताल क लाभ बनारस के साथे–साथे अउरियो जिलन के लोगिन के मिली। एकरे जरिये कैंसर अउर माइग्रेन जइसन बेमारियन क इलाज सुलभ होई। अस्पताले क उद्घाटन प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपने अगिला बनारस दौरा के दौरान करिहें।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु बनारस के महात्मा गांधी काशी विद्यापीठ क सैंतालीसवां दीक्षांत समारोह में हिस्सा लिहलिनि। येह मौका पर उहां के मेधावी छात्र–छात्रन के स्वर्ण पदक दिहलीं। अपने सम्बोधन में राज्यपाल विद्यार्थियन से समाज बदे सकारात्मक रूप से काम कइले क अपीलि कइलिनि।

**********

राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी–एनटीए विश्वविद्यालय अनुदान आयोग क राष्ट्रीय पात्रता परीक्षा–यूजीसी नेट दिसंबर–दुइ हजार पचीस बदे पंजीकरण सुरू कइ दिहले हौ। इच्छुक ओम्मेदवार आधिकारिक वेबसाइट पर उपलब्ध लिंक पर येह परीक्षा बदे आवेदन कइ सके लें। पात्र ओम्मेदवारन के जूनियर रिसर्च फेलोसिप दिहले अउर सहायक प्रोफेसर के रूप में नियुक्त कइले आ पचासी बिसयन में पीएचडी में दाखिला बदे येह परीक्षा क आयोजन होई।

**********

वस्तु अउर सेवा कर–जीएसटी बचत उत्सव समाज के सज्जो वर्ग के लाभ पहुंचा रहल हौ। एकर सुरूआति बाइस सितम्बर से भइल रहे। एगो रिपोर्ट–

***जीएसटी में सुधार राज्य के पारंपरिक क्षेत्रन बदे खास महत्व रक्खे ला, जहवां जीएसटी के बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। एहसे भदोही क कालीन, मुरादाबाद के पितरी क बरतन अउर सहारनपुर के लकड़ी क नक्कासी जइसन मसहूर उद्योगन के बढ़ावा मिलले के सथहीं कारीगरन के आजीविको के मजबूती मिलल हौ। कानपुर अउर आगरा क चमड़ा आ जूता उद्योग, जेहमें दस लाख से जियादे करमचारी काम कइ रहल हवें, अब पचीस सौ रूपिया ले क कीमति वाले समानन पर कम जीएसटी क लाभ उठा सकिहें। फिरोजाबाद, खुर्जा, गोरखपुर अउर आजमगढ़ जइसन सहरन में बनल कांच, सिरेमिक आ टेराकोटा उत्पादनों पर अब पांच फीसदी जीएसटी लागी, जेहसे एकरे मांग में बढ़ोत्तरी होई। एकरे सथहीं मेरठ, बनारस अउर चित्रकूट जइसन सहरन में बनल पारम्परिक खेलौना, हाथे से बनल कागज अउर पर्यावरण–अनुकूल स्टेसनरी क उद्योगो के कटउती से लाभ होई। आगरा क मसहूर पेठो पांच फीसदी जीएसटी के दायरा में अइले से सस्ता हो गइल बा। आकाशवाणी दिल्ली से समर्थ अउर सौम्या के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

फतेहपुर जिला में कल्यानपुर थान्हा इलाका के बड़ौरी टोल प्लाजा के लग्गे आजु भिन्नहीं एगो कार क टायर फाटि गइले से ऊ बेकाबू हो के तलाब में गिरि गइलि। येह हादसा में तलाब के पानी में डूबले से कार में बइठल चारि जने क ओहिजुकवें मउति हो गइल, ओहीं कार में सवार पांच गो अउरियो लोगिन के बहरे निकारि के अस्पताले में भरती करा दीहल गइल बा। कार में बइठल ई सज्जो लोगि कानपुर से प्रयागराज जात रहलें।

**********

फिल्म अभिनेता पंकज त्रिपाठी वीडियो सनेसा में गोरखपुर के लोगिन से पोषण माह के सफल बनवले क अपीलि कइले हवें। गोरखपुर क जिला कार्यक्रम अधिकारी डॉक्टर अभिनव मिश्र बतवलें कि येह माह के दौरान जिला में कई गो गतिविधियन क आयोजन कइल जा रहल बा।

**********

मौसम विभाग बिहने से चउदह अक्टूबर ले प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी जिलन में मौसम सुस्क रहले क ओम्मेद जतवले हौ। विभाग के हिसाबि से आवे वाला तीन दिनन में न्यूनतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के क्रमिक गिरावटो क सम्भावना बा।

**********